

MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

Moun Ki Voye li: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT: 30 Out 2023

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat 30 Out 2023.
Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo
Sekretè Komite Lekòl la.



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

30 Out 2023

Montan	Ane Fiskal	Non Sibvansyon an	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
1 071 000\$	2024	Edikasyon pou Adilt Alfabetizasyon Familyal FC345	Nouvo	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park Adult Ed. Center
120 000\$	2024	Sibvansyon McKinney Vento pou Edikasyon pou Sanzabri FC310	Nouvo	Brian Marques	Arisk	Nan Tout Distri a
1 588 179\$	2024	Sibvansyon Perkins FC400	Nouvo	Michelle Sylvaria	Fòmasyon Karyè ak Teknik	Nan Tout Distri a
75 000\$	2024	Sibvansyon pou Sipò Estratejik Dever OST FC220	Nouvo	Margaret Reardon	Redrèsman Eskolè	Dever Elementary
59 064\$	2024	Materyèl pou Tès sou Teren OpenSciEd School FC599	Nouvo	Elizabeth Hadley	Pwogram ak Ansèyman	7 Sit
200 000\$	2024	Sibvansyon pou Aplikasyon ak Sipò Chimen Inovasyon FC419	Nouvo	Michelle Sylvaria	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	4 Sit
50 000\$	2024	Sibvansyon pou Planifikasyon Jesyon Ijans FC212	Nouvo	Richard Deraney	Jesyon Ijans	Nan Tout Distri a
410 000\$	2024	Ankouraje Sante Adolesan yo atravè Prevansyon kont VIH nan Lekòl yo	Nouvo	Jill Carter	Sante ak Byennèt	Nan Tout Distri a
730 000\$	2024	Sibvansyon pou Lakou Rekreyasyon Henderson School	Nouvo	Brian Forde Jr.	Lakou rekreyasyon	Henderson
1 000 000\$	2024	Sibvansyon pou Lakou Rekreyasyon Warren Prescott School	Nouvo	Brian Forde Jr.	Lakou rekreyasyon	Warren Prescott
539 000\$	2024	Sibvansyon pou Lakou Rekreyasyon Winship School	Nouvo	Brian Forde Jr.	Lakou rekreyasyon	Winship
5 842 243		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS24103

Non Sibvansyon: Alfabetizasyon Familyal pou Edikasyon pou Adilt BPS - FC345

Estat: Ane 1

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: soti 01/07/2023 rive 30/06/2024

Sous Finansman: Eta -CALC 345

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Melissa Viscovich, Espesyalis Pwogram nan
W 781-338-3837
melissa.b.viscovich@state.ma.us

Sèvis Aprantisaj pou Adilt ak Kominote a

Depatman ESE

75 Pleasant Street

Malden, MA 02148

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Fon BPS: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Montan Anyèl Pri a 1 071 000 \$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv: 140 Elèv Adilt ki nan Lekòl Segondè, 115 Elèv ESOL Adilt

Sit yo: Depatman Edikasyon pou Adilt/Boston Central Adult High School ki nan Konplèks Bilding Madison Park
Technical/Vocational High School la

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: OpenAirBoston, Inisyativ pou Alfabetizasyon Adilt Masshire, Meri pou Devlopman Mendèv

Deskripsyon Sibvansyon an: Sibvansyon sa bay sitwayen ki adilt yo yon edikasyon debaz pou adilt, kou lekòl segondè ak kou ESOL pou sipòte devlopman akademik, ekonomik, ak devlopman sivik yo. Yo dispanse kou yo an pèsòm, anliy, ak pandan lajounen ak nan lasware.

Kategori Depans Sibvansyon sa Peye: Sibvansyon an pral sèvi pou peye pwofesè ki travay nan lasware ak sa ki travay nan lajounen yo, yon sekretè, maj, founiti, ak depans endirèk yo.

Rezilta yo swete yo: Rezilta yo swete yo nan sibvansyon sa se: 1) pwolonje aksè nan edikasyon lengwistik pou paran ki gen elèv nan BPS yo ak nan kominote Greater Boston nan an jeneral pou diminye sou kantite sitwayen ki nan lis datant pou kou lang Anglè yo; 2) founi aksè nan kou ki pèmèt yon moun rive dekwoche diplòm lekòl segondè yo pou adilt ki poko gen yon diplòm lekòl segondè yo 3) bay paran BPS yo kapital sosyal ki nesèsè pou yo kapab oryante yo nan òganizasyon edikatif ak kominote yo pou yo kapab pi byen reponn ak bezwen yo ni ak bezwen pitit yo, epi 4) founi elèv ki adilt yo yon ansèyman sou alfabetizasyon nimerik pou

pèmèt yo pi byen angaje yo avèk fanmi yo, kominote yo, ansanm ak anplwayè yo. Rezilta sa yo lye ak Premye Objektif Debaz BPS la, ki di ke tout elèv pral prè pou yo reyisi nan fakilte, karyè, ak nan lavi.

Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib: 15 Jiyè 2024

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1¹: Pandan Ane Fiskal 2024 la, 36-66% nan elèv adilt ki enskri nan ESOL yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan BestPLUS ak TABE Class-E. **Endikatè:** Nòt tèl avan ak aprè pou Ane Fiskal 2023-2024 la.

Antre nan Nivo Edikasyon an	Pousantaj Eta a*
Objektif Pwogram ESOL la	
ESL L1	60%
ESL L2	66%
ESL L3	59%
ESL L4	55%
ESL L5	46%
ESL L6	36%
Objektif Pwogram ESOL la	

Objektif #2: Pandan Ane Fiskal 2024 la, 35-46% nan elèv ki enskri nan edikasyon debaz pou adilt la pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab jan sa mezire nan MAPT. **Endikatè:** Nòt tèl avan ak aprè pou Ane Fiskal 2023-2024 la.

Antre nan Nivo Edikasyon an	Pousantaj Eta a*
-----------------------------	------------------

¹ Se DESE ACLS ki fikse objektif sa yo sou baz done federal NRS yo pou elèv adilt yo toupatou nan peyi a.

Objektif Pwogram ABE la	
ABE L1	42%
ABE L2	42%
ABE L3	42%
ABE L4	35%
ABE L5	39%
ABE L6	46%

Objektif #3: Pandan Ane Fiskal 2024 la, nou pral rete nan nivo oswa n ap depase nivo 90% nan pousantaj enskripsyon sib la tout pandan ane a. **Endikatè:** Done sou enskripsyon yo nan LACES

Se DESE ACLS ki fikse objektif reyisit ak enskripsyon sa yo sou baz done federal NRS yo pou elèv adilt yo toupatou nan peyi a.

Aliyman Plan Estratejik: Objektif sa yo lye ak Objektif Estratejik Nimewo En BPS la: Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reyisit. Nan ede rezidan adilt Boston yo dekwoche diplòm lekòl segondè yo oswa nan ede yo aprann Anglè, Edikasyon pou Adilt BPS la desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki te sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan lekòl la ak andeyò lekòl la.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24151

Non Sibvansyon: Sibvansyon McKinney Vento pou Edikasyon pou Sanzabri yo – FC310

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: soti 01/09/2023 rive 31/08/2024

Sous Finansman: Federal atravè Eta a

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Sarah Slautterback
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3399
Imel: sslautterback@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Opòtinite Jenès

Jesyonè Fon BPS: Brian Marques

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Brian Marques, Direktè Prensipal Opportunity Youth

Montan Anyèl Pri a 120 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 350 000\$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: 4 300

Sit yo: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Metro Housing Boston, Action for Boston Community Development (ABCD), FamilyAid Boston, Department of Neighborhood Development, Boston Housing Authority

Deskripsyon Sibvansyon

Lekòl Piblik Boston yo (BPS) pral pwofite de McKinney-Sibvansyon Edikasyon Sanzabri Vento pou soutni fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl ajan liyezon lekòl pou sanzabri yo nan tout lekòl distri yo, yon aksè elaji nan pwogram lete yo, menm jan pou jesyon ka ak yon soutyen global pou plis pase 4 300 elèv ki ap viv nan sitiyoasyon sanzabri yo nan BPS. Sibvansyon an aliye sou aksan distri a mete pou angaje elèv yo, fanmi yo, ak òganizasyon kominotè yo antan ke defansè ak patnè, konsa tou sou founiti yon sistèm kowòdone sipò ki wotman kalifye. Konpozan fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl la pral mete aksan sou ranfòsman konesans enstitisyonèl ak kapasite òganizasyonèl, atravè rezo liyezon lekòl distri yo pou sanzabri, pou pi byen ede fanmi yo pou aksede ak pou navige nan sistèm refij yo ak lojman abòdab, menm jan pou distri a ak sèvis kominotè yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve

Kategori depans sibvansyon sa ap peye pou yo a gen ladan yo pèsònèl la, tankou salè ak maj pou dote yon travayè sosyal 1.0 FTE pou soutni elèv ak fanmi ki nan sitiyoasyon sanzabri yo, kou fasiliteasyon pa divès ekspè seri pèfeksyonman pwofesyonèl sou aksè ak

lojman e ak refij yo, kou founiti bezwen debaz pou plaka santral yo, ki gen ladan yo divès valiz, founiti lekòl, divès atik pou ijyèn ak lòt nesosite debaz, priyorizasyon pwogram lete, menm jan deplasman pou mennen divès aktivite sansibilizasyon kominotè ak soutyen nan milye lekòl ak kou endirèk yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Sansibilize ansanm distri a ak kominote a ki gen ladan l opòtinite devlopman pwofesyonèl pou liyezou edikasyon sanzabri yo.

Endikatè yo:

- Kantite Ajan Lyezou pou Sanzabri ki nan Lekòl la k ap patisipe nan atelye yo
- Patisipasyon ak angajman aktif nan atelye yo
- Repons ak evalyasyon fòmilè pou evalyasyon atelye a
- To prezans ak to absans kwonik pou elèv ki sanzabri yo (estabilite kòm yon mwayen pou estabilite edikatif)

Objektif #2: Ogmante aksè ak pwogram avan ak aprè lekòl yo, nan pwogram lete yo pou timoun ak jèn ki sanzabri yo, ak sèvis/èd pou atire, angaje, ak kenbe elèv sanzabri yo nan pwogram sa yo.

Endikatè yo:

- Kantite sit pwogram lete kote pami yo fanmi yo kapab chwazi pou elèv k ap fè fas ak sityasyon sanzabri yo
- Kantite elèv k ap fè fas ak sityasyon sanzabri pou enskri nan pwogram lete yo
- Kantite referans ak divès pwogram anplwa lete ak pandan ane a avèk oryantasyon ak cheminman karyè pou elèv ki nan lojman prekè yo
- Rezilta akademik SY21-22 yo pou elèv ki ap viv sityasyon sanzabri ki ap patisipe nan pwogram lete yo (rekiperasyon ekita aprantisaj la)

Objektif #3: Kolabore avèk ajans ekstèn yo pou founi elèv ak fanmi nan sityasyon sanzabri yo avèk sèvis medikal, dantè sante mantal, ak lòt sèvis kominotè ak eta yo.

Endikatè yo:

- Kantite elèv ak fanmi yo ki oryante vè divès pwogram estabilizasyon lojman yo
- Kantite elèv ak fanmi ki loje yon jan estab
- Kantite elèv ak fanmi yo ki oryante vè sèvis pou anpeche moun vin nan sityasyon sanzabri yo
- Rezilta akademik pou elèv ki nan lojman ki estab yo

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

6. Aktive divès Patenarya

6.1 Konekte chak elèv yo ak divès pwogram avan ak aprè lekòl, lete ak tranzisyon wot kalite, epi konsa tou ak eksperyans travay e ak divès staj nan segondè pou aktive aprantisaj la, devlope divès konpetans epi devlope kapital sosyal la.

6.5 Angaje patnè esansyèl yo nan pwosesis pou pran desizyon an pou kapab oryante ak devlope yon seri sèvis global ki koyeran pandan tout ane a, ansanm ak eksperyans aprantisaj ak pwogram pou elèv yo.

4. Ogmante Opòtinite

4.3 Kenbe yon estanda efikasite òganizasyonèl ak ekselans pou fè sèten ke nou reponn ak bezwen elèv yo epi defini sèvis akademi fondasyonèl ak sèvis sipò ke tout lekòl dwe bay.

4.5 Asire ke tout lekòl BPS ak depatman biwo santral kolabore avèk fanmi yo, jèn ki nan lokalite yo - ak patnè fanmi ak ajans sèvis yo pou yo asire yo ke fanmi yo konnen e jwenn aksè ak resous yo bezwen pou sipòte pwogrè elèv yo anndan ak deyò salklas la.

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib: 30 Septanm 2024

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòmman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

PA APLIKAB (Nan Tout Distri a)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24157

Non Sibvansyon: Konpetans Vokal Perkins FC400

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Jiyè 2023 – 30 Jen 2024

Sous Finansman: Federal atravè Eta a

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an:
Estrateji ak Planifikasyon Alokasyon Resous
Depatman Anseyman Primè ak Segondè Massachusetts

75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-6230
Imèl: Federalgrantprograms@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Office of Career and Technical Education)

Jesyonè Fon BPS: Michelle Sylvaria, Direktè Egzekitif pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Michelle Sylvaria, Direktè Egzekitif pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik

Montan Anyèl Pri a \$1,588,179

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: Piblik sib la se elèv ak anplwaye yo ki nan pwogram CTE yo nan tout distri a. Plis pase 3,000 elèv jwenn sèvis nan klas 9yèm jiska klas 12yèm ane.

Sit yo: Madison Park TVHS, Boston Arts Academy, Boston International High School, Boston Green Academy, Jeremiah Burke High School, East Boston High School, TechBoston Academy, English High School, Edward Kennedy Health Career Academy, John D. O'Bryant High School, New Mission High School, Brighton High School, Dearborn STEM Academy, Excel High School.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Private Industry Council, Wentworth Institute of Technology, Benjamin Franklin Institute of Technology, Bunker Hill Community College, Roxbury Community College, Massachusetts Vocational Association, Massachusetts Association of Vocational Administrators, Greater Boston Chamber of Commerce.

Deskripsyon Sibvansyon

Lwa sou Ranfòsman Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik pandan 21yèm Syèk la (Perkins V) se sous fon federal pou sibvansyon alokasyon Perkins lan ki vize amelyore pwogram pou fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo nan distri ki gen edikasyon segondè yo. Sibvansyon yo bay moun yo konpetans akademik ak teknik ki nesèsè pou yo reyisi nan yon ekonomi ki baze sou konesans ak konpetans. Perkins sipòte fòmasyon pwofesyonèl ak teknik la ki prepare elèv li yo ni pou edikasyon apre etid segondè ni pou karyè yo chwazi yo. Pwogram pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik yo satisfè definisyon fòmasyon pwofesyonèl ak teknik la epi yo te rive òganize yon seri aktivite edikatif ki- (A) ofri yon sekans kou ki— (i) founi moun yo yon kontni ki koyeran e solid ki aliye avèk nòm akademik yo ansanm ak konesans ak konpetans teknik ki apwopriye yo ki nesèsè pou prepare pou etid siplemantè ak karyè nan pwofesyon aktyèl ak pwofesyon k ap emèje yo; (ii) founi konpetans teknik, yon tit endistri a rekonèt, yon sètifika; epi (iii) ki ka gen ladan l yon seri kou preyalab (ki pa kou ratrapaj) ki satisfè egzijans yo ki nan sou-paragraf sa a; epi (B) ki Gen ladan l yon aprantisaj aplike ki baze sou konpetans ki kontribye nan konesans akademik, konpetans pou rezonman ak rezolisyon pwoblèm nivo siperyè, konpetans teknik, ansanm ak konpetans ki lye ak pwofesyon an, ansanm ak konesans sou tout aspè ki genyen nan yon endistri ansanm ak antreprenarya.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Pwogram sibvansyon Perkins V ka ede aplike Pwogram Etid la ak Ansèyman an, Evalyasyon, Devlopman Pwofesyonèl ansanm ak Sipò pou Elèv yo. Senk levye prensipal DESE te rive idantifye yo pou ogmante pèfòmans elèv yo nan tout eta a se: prepare elèv yo pou inivèsite ak karyè, ranfòse pwogram etid la ak ansèyman an; ranfòse efikasite edikatè a; ankouraje itilizasyon done pou amelyore desizyon sou politik la ansanm ak reyisit elèv yo; ak redrese lekòl nou genyen ki mwens pèfòman yo. Yo itilize finansman Perkins V a pou lanse, amelyore, ak elaji pwogram pou fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo ak pou amelyore rezilta elèv yo. Se DESE ki idantifye pwogram ki aplikab yo.

~60% nan ekipman sibvansyon an ak materyèl pedagogik yo

~20% Anplwaye ak sipò

~10% Teknoloji

~5% Devlopman Pwofesyonèl

~5% Lyen apre etid segondè/ sèvis sipò

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif distri a se ogmante reyisit elèv yo selon Endikatè Debaz Perkins yo ki se: pousantaj gradyasyon nan nivo akademik ak teknik ansanm a planifikasyon ak koneksyon pou elèv yo nan salè ki elve, karyè yo vrèman mande sou mache a ansanm ak fòmasyon apre etid segondè.

Objektif #1: Plan MA Perkins V a te kreye yon nouvo endikatè ki rele kalite pwogram. Tout elèv yo pral bezwen yon estaj, eksperyans sentèz, eksperyans edikasyon koperatif ak/oswa yon diplòm endistri a rekonèt lè yo fin gradye. Y ap lanse endikatè a pandan ane lekòl sa a. Objektif eta a se 62.46%. Done ki pi resan nou genyen pou tout elèv CTE yo se 63.35%. Nou ta renmen rive atenn omwen 64.35% disisi Me 2024 pandan n ap lanse mezi sa a.

Endikatè: Aprantisaj ki baze sou travay elèv la

Objektif #2: Amelyore pousantaj gradyasyon an pou elèv ki enskri nan pwogram CTE yo a 91% disisi Me 2024. Done ki pi resan nou genyen pou tout elèv CTE yo se 90.04%.

Endikatè: Pousantaj elèv ki gradye

Objektif #3: Tout elèv ki gradye nan yon Pwogram CTE ki te konplete yon sekans de (2) kou CTE oswa plis yo pral jwenn yon plasman pozitif apre etid segondè nan yon enstitisyon fòmasyon apre etid segondè, sou mache travay la, ak/oswa nan militè. Done ki pi resan nou genyen yo montre yon plasman pozitif 90.36% selon moun ki te patisipe nan sondaj sou pwogram pou rive gradye sou yon lane yo. Nou ta renmen ogmante l a 91% disisi Me 2024.

Endikatè: Plasman Apre Etid Segondè

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib: 30 Septanm 2024

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

PA APLIKAB (Nan Tout Distri a)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24558

Non Sibvansyon: Sibvansyon pou Sipò Estratejik Dever OST- FC220

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2023 - 30/06/2024

Sous Finansman: Kòd Fon Eta a 220

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Jennifer Wu
Adrès; Biwo Transfòmasyon Estratejik, Jesyonè Asistans Sible
Depatman Ansèyman Primè ak Segondè Massachusetts
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906
Telefòn: (781) 870-0734
Imèl: jennifer.y.wu@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Paul A. Dever Elementary School

Jesyonè Pwogram BPS la: Margaret Reardon, Direktè

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Margaret Reardon, Direktè

Montan Anyèl Pri a: \$ 75 000

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: 405 elèv.

Sit yo: Dever Elementary School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: School and Main Institute

Rezilta yo swete yo

Pwogram sibvansyon sible sa vize devlope kapasite anplwaye yo nan Dever Elementary pou yo kapab amelyore efikasite yo nan rekonstriksyon Salklas ki Ekitab yo nan domèn Alfabetizasyon ak Matematik

Kategori Depans Sibvansyon sa Peye

- 19% se kantite yo alouwe pou devlopman pwofesyonèl anplwaye yo nan domèn Matematik ansanm ak alokasyon, konsiltan, ak depasman pou ale nan atelye -67% se kantite yo alouwe pou amelyore aprantisaj aprenan miltileng yo atravè sèvis konsèy ak alokasyon pou travay pwogram etid la -9% se kantite yo alouwe pou fòmasyon ak materyèl entèvansyon nan domèn lekti -5% se kantite yo konsakre pou aprantisaj pwofesyonèl ekip direksyon batiman an ansanm ak depasman ak tèks pwofesyonèl

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Pou salklas kote anlwaye te patisipe nan devlopman pwofesyonèl la ak/oswa travay pwogram etid la, pèfòmans elèv yo pral ogmante a 10% an mwayèn jan sa mezire nan kwasans MAP la nan ELA

Objektif #2: Pou salklas kote anlwaye te patisipe nan devlopman pwofesyonèl la ak/oswa travay pwogram etid la, pèfòmans elèv yo pral ogmante a 10% an mwayèn jan sa mezire nan kwasans MAP la nan ELA

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib.

Rapò Rezilta a pral disponib nan dat 30/06/2024 la.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo. Si li konsène "Tout distri a", ou pa bezwen reponn sa a.

Yon pati nan sipò DESE pou transfòmasyon estratejik lekòl ki nan redrèsman jidisyè yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24605

Non Sibvansyon: Materyèl pou Tès sou Teren OpenSciEd High School - FC599

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: CFDA Federal la 84.425

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Jiyè 2023 – 30 Jen 2024

Sous Finansman: Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan MA (DESE)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Casandra Gonzalez

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA

Telefòn moun k'ap ede a: 781-338-3542

Imèl Moun K Ap Bay Sibvansyon an: casandra.gonzalez@mass.gov

Depatman Responsab BPS la ak/oswa Lekòl (yo): casandra.gonzalez@mass.gov

Jesyonè Pwogram BPS la: Elizabeth Hadley

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Beth Milewski, Direktè Egzekitif

Montan Total yo Akòde a: 59 064 \$

Montan Total yo Akòde si li depase yon lane: 141 100\$

Opsyon pou Repò a: Wi

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: 22 Pwofesè ki repati nan 7 lekòl ansanm avèk elèv yo.

Sit yo: Rafael Hernandez K-8, Eliot Innovation K-8, Higginson-Lewis K8, Horace Mann, David A. Ellis Elementary, Mario Umana Academy K8, Ellis Mendell Elementary School

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo?

Rekritman Sible ak Seleksyon Pèsonèl. Lekòl yo reprezante yon echantyon reprezantatif pou lekòl yo toupatou nan distri a.

Tout Lekòl yo Chwazi yo te oblije konfime ke y ap respekte kantite minit minimòm pa semèn ki obligatwa pou syans yo nan nòt egzamen sou teren yo a.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen): MA DESE

Rezilta yo swete yo

Tès sou Teren Elementary OpenSciEd la (OSE) ap devlope yon seri Materyèl Pedagojik Syantifik Kalite Siperyè ki baze sou fenomèn pou elèv primè yo. Pwofesè ak elèv k ap patisipe yo pral bay kòmantè kontini pou fasone konsepsyon materyèl yo ak pou asire ke yo ekkitab, aksesib, e apwopriye. (Boston te patisipe nan tès sou teren Lekòl Presegondè ak Lekòl Segondè yo. Aktyèlman, depatman syans lan apwouve materyèl OSE yo pou klas 6yèm a 12yèm ane).

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Disi 1ye Jiyè 2025, 22 pwofesè nan 7 lekòl pral gentan fè tès sou teren yo epi y ap gentan bay kòmantè yo sou kat inite OpenSciEd Elementary Science yo. Inite sa yo pral entegre yon seri woutin ak pratik pedagogik ki apwopriye sou plan pedagogik pou lekòl elemantè a epi l ap sèvi kòm pwogram etid prekisè pou inite OSE Lekòl Presegondè yo, ke yo te rive aplike yo e ke yon konsidere yo kòm Materyèl Pedagogik Kalite Siperyè.

Endikatè: Kòmantè elèv ak pwofesè, echantiyon travay elèv jan yo kolekte sa selon volè rechèch sibvansyon an.

Si se pa yon ‘sibvansyon kontinyasyon’, tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib la:

Rapò sou Rezilta a pral fini dis 7 Jiyè 2025.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo. Si li konsène “Tout distri a”, ou pa bezwen reponn sa a.

7 sit lekòl nan distri a ke yo te chwazi. Ansanm, yo reprezante popilasyon divèsifye distri a.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24630

Non Sibvansyon: Sibvansyon pou Aplikasyon ak Sipò Chimen Inovasyon – FC419

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Septanm 2023 - 30 Jen 2024

Sous Finansman: Fon eta yo

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Jennifer Gwatkin, Responsab Chimen Inovasyon DESE a
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
781-338-3954
Jennifer.A.Gwatkin@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Fòmasyon Karyè ak Teknik

Jesyonè Pwogram BPS la: Michelle Sylvaria

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen Almquist/ Dearborn STEM Academy
Jennifer Lillis/ Jeremiah E Burke High School
Damara Reid/ Brighton High School
Annie Le/ Excel High School

Montan Sibvansyon an: 200 000\$

Opsyon pou Repò a: Pa Aplikab

Apwoksimasyon sou kantite elèv yo desèvi: 450

Sit yo: Dearborn STEM Academy, Jeremiah E Burke HS, Brighton HS, Excel HS

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Lekòl yo te aplike pou deziyasyon DESE epi yo te jwenn li antanke Chimen Inovasyon. Yo bay sibvansyon sa sèlman pou lekòl DESE deziyen yo / Chimen Inovasyon yo pou sipò pou aplikasyon an.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Boston Private Industry Council

Priyorite: Ede moun yo deziyen yo egzekite plan deziyasyon yo apwouve yo pou pwogram Chimen Inovasyon an kapab reponn ak tout kritè ki obligatwa yo tankou Aksè Ekitab. Chimen Akademik ki Gide, Sipò Elèv ki Amelyore, Lyen ak Karyè, ansanm ak Patenarya ki Efikas

Objektif: Sibvansyon sible sa vize founi Chimen Inovasyon yo deziyen yo resous ki nesèsè pou yo ede aplike pwogram nan.

Rezilta yo swete yo:

Sibvansyon sible sa vize founi Chimen Inovasyon yo deziyen yo resous ki nesèsè pou yo ede aplike pwogram nan.

Kategori Depans

40% Founiti Pedagojik

22% Alokasyon pou Edikatè

38% Sèvis Kontraktyèl/Devlopman Pwofesyonèl

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Gwosè dirab ak Dimansyon chimen yo

Endikatè: Enskripsyon elèv yo nan chimen yo selon Plan Aplikasyon chak grenn lekòl

Objektif #2: Aplikasyon sekans Chimen ki gen 2 kou teknik yo ansanm ak 2 kou avanse yo

Endikatè: Ede pwofesè yo nan elaborasyon pwogram etid chimen an ansanm ak ansèyman an.

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib.

Rapò sou Rezilta a pral fini nan dat 1ye Septanm 2024 la.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo. Si li konsène “Tout distri a”, ou pa bezwen reponn sa a.

Deziyasyon DESE.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24711

Non Sibvansyon: Sibvansyon pou Planifikasyon Jesyon Ijans - FC212

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Out 2023 – 1ye Out 2024

Sous Finansman: Federal 84.424F

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an:
Anne L. Gilligan
Depatman Ansèyman Primè ak Segondè Massachusetts

75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: (781) 338-6309

Jesyonè Fon BPS: Richard Deraney

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Neva Coakley

Montan Anyèl Pri a 50 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: 46 000

Sit yo: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Boston Police Department, Boston Fire Department, Boston EMS

Rezilta yo swete yo

Objektif nou se ranfòse kapasite n pou n sipòte popilasyon ki pi vilnerab yo pandan n ap bay yo sèvis ak teknik ki pi ajou ki disponib yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa Peye

100% nan sibvansyon sa pral sèvi pou fòme anplwaye nou yo avèk teknik ki pi ajou yo pou n kapab sipòte elèv nou yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Si nou kapab pi byen sipòte elèv nou yo, nou espere ogmante pèfòmans yo nan salklas la a apeprè 25% epi pou n rive atenn 40% plis patisipasyon familyal avèk edikasyon elèv yo a.

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib: 1ye Desanm 2024

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

PA APLIKAB (Nan Tout Distri a)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS24585

Non Sibvansyon: Ankouraje Sante Adolesan yo atravè Lekòl ki Baze sou Prevansyon VIH

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Out 2023 – 31 Jiyè 2024

Sous Finansman: Federal

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Yolanda Cavalier
Divizyon Adolesan ak Sante Lekòl (DASH)
Direksyon Devlopman Pwogram yo ak Sèvis yo (PDSB)

Adrès Moun K ap Ede a: 1600 Clifton Road, NE, MS E-75, Atlanta, Georgia 30329-4027

Telefòn moun k'ap ede a: (404) 639-3381

Imel moun k ap ede a: ycavalier@cdc.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Sante ak Byennèt

Jesyonè Pwogram BPS la: Jill Carter, Direktè Jeneral Prensipal, Biwo Sante ak Byennèt

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jill Carter, Direktè Jeneral Prensipal, Biwo Sante ak Byennèt

Montan Anyèl Pri a: 410 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$3,009,606 (sis lane)

Opsyon pou Repò a: TBD

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: Pwogram BPS, Ranfòsman Jèn yo Vya Lasante (ETTH), pral atenn 11 884 elèv 6èm-12èm ane nan 18 lekòl priyorite ak finalman tout 27 326 elèv 6èm-12èm ane yo nan BPS pandan ke nou ap etann deplwaman pwogram nou an nan lòt lekòl difizyon lekòl segondè yo.

Sit yo:

Nan echèl distri a – Yo pral konsidere 18 lekòl ki vini apre yo kòm lekòl priyorite pou pwogram sa. Boston Collaborative High School, Boston Community Leadership Academy, Boston Green Academy, Boston International Newcomer High School, Boston Latin Academy, Boston Latin School, Brighton High School, Charlestown High School, Dearborn STEM 6-12 Early College Academy, Excel High School, Henderson K-12 Inclusion School Upper, Josiah Quincy Upper School, Madison Park High School, Margarita Muniz Academy, Muriel S. Snowden International School at Copley, TechBoston Academy 6-12, William McKinley Preparatory High School, William McKinley South End Academy

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo?

Yo te evalye Lekòl Segondè yo selon plizyè varyab epi yo te vin klase yo selon yon nòt ki mezire ki baze sou kritè ki anba yo:

- Ranje Nòt
- Ensidans Klamidya
- Endis opòtinite
- Edikasyon Sante

- Fonksyonalite Konsèy Byennèt
- Anviwònman ki San Danje epi ki Solidè
- Sèvis Sante Seksyèl

Anplis de kritè ki endike anwo yo, preparasyon lekòl pou chanjman ak potansyèl pou atenn elèv ELL yo epi klas edikasyon espesyal yo se te konsiderasyon pou lekòl ki nan ran enferyè yo.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo(si genyen):

Action for Boston Community Development (ABCD), Sèvis Sosyal pou Adolèsan ki Masi ak Lesbyèn nan Boston (Boston Gay and Lesbian Adolescent Social Services, GLASS), Boston Medical Center, Boston Public Health Commission, Boston Children's Hospital, East Boston Neighborhood Health Center, Rezo Edikasyon nan Massachusetts pou Masi, Lesbyèn, ak Etewoseksyèl (Gay, Lesbian, & Straight Education Network of Massachusetts, GLSEN MA), Fenway Health. Greater Boston PFLAG, Planned Parenthood League of Massachusetts, Sidney Borum Jr. Health Center, Tufts Medical Center

Priyorite:

Elèv ki nan 18 lekòl priyorite yo pral resevwa sipò entansifye, ki gen ladan l edikasyon nan sante seksyèl fonde sou done prèv (SHE), ranfòsman aksè ak itilizasyon sèvis prensipal yo nan sante seksyèl (SHS), epi etabli ak kenbe anviwònman sen ak favorab (SSE). BPS pral angaje tou nan Siveyans Lekòl yo avèk itilizasyon Ankèt sou Konpòtman Risk Jèn (YRBS) ak Ankèt sou Pwofil CDC yo. BPS High School YRBS se prensipal zouti siveyans ki itilize nan Boston pou siveye konpòtman sante jèn yo, ki gen ladan yo konpòtman a risk malsen ki kontribiye ak koz prensipal mòbidite ak mòtalite prematire lakay adolèsan yo.

Objektif:

BPS pral ankouraje yon chanjman konplè e dirab ki kapab pwovoke yon reta nan komansman aktivite seksyèl yo; diminye pousantaj sèks san kapòt; ogmante itilizasyon kontraseptif; diminye konpòtman riske yo ki ekspozè jèn yo ak yon pi gwo risk pou gen pwoblèm sante ki gen ladan toksikomani, vyolans ak maladi mantal; diminye enfeksyon VIH ak lòt Maladi Moun Pran Nan Fè Bagay yo (STD yo); diminye pousantaj gwoès epi ogmante reyisit eskolè a pandan yon peryòd senk ane.

Rezilta yo swete yo:

- Ogmantasyon reyisit akademik
- Kòmansman aktivite seksyèl ki retade
- Diminasyon rapò seksyèl ki pa pwoteje
- Diminasyon konpòtman arisk elve (pa egzanp, konsomasyon sibstans arisk elve, vyolans, pwoblèm sante mantal)
- Diminasyon VIH ak enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (STD)
- Diminasyon gwoès non dezire

Metòd Evalyasyon Sibvansyon an:

Done YRBS pou dekri prevalans konpòtman arisk pou sante yo pami tout jèn yo; evalye tandans yo oframezi; fè envantè, evalye ak amelyore pwogram ak politik lekòl yo ki vize abòde konpòtman a risk sante sa yo; epi devlope patenarya kominotè kle pou ogmante enpak aktivite yo. BPS pral itilize Ankèt Pwofil yo pou fè envantè pwogram, sèvis ak politik sante yo nan tout BPS MS la ak HS pou idantifye eka yo nan edikasyon sante seksyèl aktyèl la, sèvis sante seksyèl yo ak anviwònman sen ak favorab yo. BPS pral kolabore avèk patnè kominotè yo epi itilize done sa yo pou sibler efò nan lekòl ki manke pwogram, sèvis, ak politik sante yo, epi distribye resous yo pou lekòl kote yo demontre pi gwo bezwen an. Rediksyon eka nan edikasyon sante seksyèl ak sèvis yo ansanm ak mizannè politik sante konplè yo pou asire tout elèv BPS yo jwenn aksè ekitab ak resous e ak sistèm kalite pou maksimize potansyèl pa yo pou devlope divès konpòtman sen.

Si sibvansyon an se yon ‘sibvansyon kontin’, tanpri, bay yon brèf deskripsyon sou rezilta ou jwenn yo jiskaprezan ansanm ak (a) sa k ap chanje yo? (b) Kòman sa ap chanje pratik nou alavni:

Sante Seksyèl

Done Boston yo te kontinye montre diminisyon nan konpòtman seksyèl arisk yo lakay elèv ki nan lekòl segondè yo an 2021. Depi lane 1993, estatistik yo te montre te gen gwo diminisyon alontèm nan pousantaj elèv ki te menm pou yon fwa antre nan relasyon seksyèl yo (60.6% to 27.1%); elèv ki aktif seksyèlman aktyèlman yo (42.0% to 17.5%); elèv ki te gen kat oswa plis patnè seksyèl nan lavi yo (25.9% to 5.0%); ansanm ak elèv ki te rive tonbe ansent oswa ki te ansent yon lòt moun (11.1% to 1.8%). Yon nouvo risk faktè enkyetid ke nou te kòmanse swiv se eka laj ki genyen ant yon elèv ak premye patnè seksyèl li: 16.1% nan elèv ki te fè sèks yo te rapòte ke patnè yo te gen plis pase 3 lane anplis yo premye fwa yo te antre nan rapò seksyèl la. Selon estatistik gen gwo disparite ant elèv LGB yo ak kamarad yo ki etewoseksyèl yo ak ant elèv Nwa yo ak elèv Latino pa rapò ak kamarad Blan ak Azyatik yo nan tout konpòtman a risk seksyèl yo.

Rezilta YRBS Lekòl Segondè BPS: Prevalans konpòtman arisk ki gen rapò ak sante seksyèl. Analiz done Westat/CDC fè

Pousantaj elèv ki...	2019 %	2021 %	Gwo Diferans nan Sou-gwoup yo pou ane 2021 an (t-test, p<0.05)
Rezilta yo Prevwa: Diminye Konpòtman Seksyèl Arisk yo			
Te menm pou yon fwa antre nan relasyon seksyèl	37,6	27,1**	B>A; B>W; L>A; L>W; W>A
Te aktif seksyèlman aktyèlman (te antre nan rapò seksyèl pandan 3 mwa ki sot pase yo)	26,4	17,5**	B>A; L>A; L>W; W>A
Te rapòte ke patnè yo te gen plis pase 3 lane anplis yo premye fwa yo te antre nan rapò seksyèl la	–	16,1	F>M B>W, L>W LGBQ+>Etewoseksyèl
Te antre nan rapò seksyèl avèk plis pase 4 moun nan lavi yo	11,0	5,0**	M>F B>A; B>W; L>A; L>W LGB>Etewoseksyèl
Te rive tonbe ansent oswa ki te ansent yon moun	5,7	1,8**	B>A; B>W; L>A; L>W LGB>Etewoseksyèl
Rezilta yo Prevwa: Ogmante Konpòtman Seksyèl Pwotektè			
Te itilize yon kapòt pandan dènye relasyon seksyèl yo (pami elèv ki te aktif seksyèlman aktyèlman yo)	52,0	53,4	Etewoseksyèl>LGB
Te itilize planing òmonal ki efikas [†] pou prevni gwosès pandan dènye relasyon seksyèl yo avèk patnè ki gen sèks opoze a (pami elèv ki te aktif seksyèlman aktyèlman yo)	28,3	37,8	F>M
Te itilize yon kapòt ansanm ak yon planing omonal ki efikas [†] pandan dènye relasyon seksyèl yo avèk yon patnè ki gen sèks opoze (pami elèv ki te aktif seksyèlman aktyèlman yo)	6,0	12,7	Okenn
Te fè tès menm yon fwa pou VIH	23,5	8,6**	B>A; B>W; L>A; L>W
Te fè pou yon Maladi Moun Pran Nan Fè Bagay (STD) ki pa VIH (pandan 12 mwa ki sot pase yo)	20,1	8,0**	B>A; B>W; L>A; L>W

-- Endike done yo pa disponib; * Endike yon gwo diferans pa rapò ak 2019 selon analiz tès t yo, $p < .05$

† Yo defini planing òmonal ki efikas la isit la kòm konprime pou planing, yon esterilè (IUD) oswa enplantasyon, yon piki, yon tenb oswa yon zanno pou planing

Pandan prevalans konpòtman seksyèl arisk la te rive diminye, te gen diminyasyon tou nan konpòtman pwotektè pou sante seksyèl yo. Te gen gwo diminyasyon lakay elèv ki te fè tès pou VIH oswa Maladi Moun Pran Nan Fè Bagay yo (STD yo) soti ane 2019 rive 2021. Petèt se kapab pandemi a ki te lakoz sa a. Sepandan, tès VIH yo te diminye sou peryòd 10 lane. Elèv Nwa ak Litino te gen plis chans pou yo adopte konpòtman sa yo nan tès la pa rapò ak kamarad yo ki Blan ak Azyatik yo (Apendis G). Fason yo itilize kapòt la pa t chanje ant lane 2019-2021 (53.4%) men selon estatistik te gen yon gwo diminyasyon alontèm (74.2% nan lane 2005). Prèske plis ke mwatye elèv ki aktif seksyèlman yo te deklare yo itilize yon kapòt pandan dènye rapò seksyèl yo. Selon estatistik, elèv Boston yo pa gen plis chans ni mwens chans pou yo antre nan rapò seksyèl, fè sèks avèk plis pase 4 moun, itilize kapòt, oswa itilize planing òmonal pa rapò ak kamarad yo nan MA oswa sou teritwa nasyonal la; selon estatistik, elèv Boston yo gen plis chans pou yo deklare y ap fè tès pou Maladi Moun Pran Nan Fè Bagay yo (STD) (Apendis F).

Done YRBS Lekòl Presegondè:

Pa t gen gwo chanjman nan pousantaj elèv nan lekòl presegondè ki te menm yon fwa antre nan relasyon seksyèl depi ane 2013 la (3.1%). Te gen yon gwo diminyasyon nan pousantaj elèv lekòl presegondè ki te rive antre nan relasyon seksyèl avèk twa moun oswa plis (3.7% a 2.3%). 57.7% nan elèv ki aktif seksyèlman ki te itilize yon kapòt pandan dènye fwa yo te antre nan rapò seksyèl la.

b) Aktivite prensipal pandan Ane Lekòl 2022-2023 yo te mennen pou sipòte estrateji ak rezilta sibvansyon yo; menm jan de aktivite sa yo pral kontinye pandan ane sa a:

Amelyore aksè an Fòmasyon sou Sante Seksyèl (SHE):

- 12 pwofesè ki reprezante 10 lekòl te pran fòmasyon nan pwogram etid SHE a pou Klas 7yèm a 12yèm ane yo, Dwa, Respè, Responsablite.
- 15 Pwofesè ki reprezante 13 lekòl te pran fòmasyon nan pwogram etid pou Fòmasyon sou Sante Konplè, Inite Kò ki Bon pou Sante epi ki San Danje (HSBU).
- Yo te fè mizajou nan pwogram etid SHI Lekòl Presegondè ak Lekòl Segondè a, Dwa. Respèk. Responsabilite
- Yo te fè mizajou nan Inite Kò ki pou Sante epi ki San Danje a: Nivo II (Klas 4yèm a 6yèm ane)
 - Yo te ajoute nouvo aktivite aprantisaj elèv ki baze sou konpetans ki te konsantre sou sante mantal emosyonèl yo.
 - Yo te elabore nouvo objektif aprantisaj elèv yo konfòmman ak NHES ak NSES pou tout klas yo.
- Yo te fè mizajou nan Inite Kò ki pou Sante epi ki San Danje a: Nivo I (Klas K-3):
 - Te amelyore pou mete aksan sou konpetans ak nesès pou devlope relasyon ki bon pou sante, pran dezisyon ki san danje epi ki eklere, fikse limit epi konprann konsantman, ak amelyore byennèt jeneral yo.
 - Te ajoute omwen yon liv ki adapte sou plan kiltirèl ak lengwistik ki vize anrichi vokabilè elèv yo ak pou apwofondi konpetans yo sou sijè sante a.

Amelyore aksè nan SHE pou Salklas Edikasyon Espesyal yo:

- 18 edikatè ki reprezante 13 lekòl ki te pran fòmasyon nan Pwogram Etid Relasyon ki Bon pou Sante a (HRC). Yo te òganize sa an kolaborasyon avèk Biwo Edikasyon Espesyal la.

Ranfòsman kapasite edikatè yo pou Edikasyon Sante Konplè:

- Antrenè Pedagojik HE te founi fòmasyon pedagojik an pèsòn oswa vityèl oswa asistans teknik pou pwofesè ansanm ak anplwaye lekòl yo 1073 fwa ant 1ye Out ak 31 Janvyè 2023.
- 20 pwofesè ki reprezante 11 lekòl ki te patisipe nan devlopman pwofesyonèl (PD) Sekirite Nimerik ak Prevansyon kont Entimidasyon sou Entènèt K-12 la, ke yo te òganize an patenarya avèk Biwo Enfòmasyon Pedagojik ak Teknik la.
- 26 pwofesè ki reprezante 26 elèv te pran fòmasyon nan yon Pwogram Etid sou Sante Emosyonèl Mantal (Klas K-12).
- 10 edikatè te pran fòmasyon nan Inite sou Ekite nan domèn Sante ak Defans lan, pandan yo founi leson ak resous pou pèmèt elèv la pi byen konprann sante ak defans piblik.
- 18 edikatè ki reprezante 25 lekòl te resevwa sipò ak resous adisyonèl pandan PLC pou Fòmasyon sou Sante chak mwa yo.

- Ekip HE a te fasilite ansanm twa (1 PS) aktivite familyal adistans pou yo kapab fè paran yo patisipe defason aktif nan pwogram pedagogik SHE yo.
- Te òganize yon “Jounen Pòt Ouvè pandan Otòn nan” pou pèmèt pwofesè yo gen aksè fasil nan pwogram etid HE a, resous pou elèv ak fanmi yo, afich yo, pwodui pou règ yo, founiti kapòt. Gen 21 lekòl ki te patisipe.

Etabli ak mentni yon seri Anviwònman ki San Danje epi ki Solidè

- Jesyonè Sipò pou Elèv LGBTQ+ te founi Devlopman Pwofesyonèl 7 LGBTQ+ 101 pou anplwaye k ap sipòte jèn ki fè pati kominote LGBTQ+ yo. 147 manm anplwaye nan lekòl la ka nan biwo santral la te patisipe nan fòmasyon sa ansanm ak enfimyè, pwofesè, konseye pedagogik, Succeed Boston, biwo pou Lakin nan Opòtinite ansanm ak Biwo pou Jesyon Operasyon yo (MOI).
- Kowòdonatè GSA te bay 20 konseye GSA asistans teknik.
 - Yo te founi 2 devlopman pwofesyonèl (PD) pou konseye GSA yo sou langaj enklizif ak ansèyman sou idantite seksyèl ansanm ak konpetans pou elèv yo defann tèt yo.
- Jesyonè Sipò pou Elèv LGBTQ+ la te kreye 3 gid Resous ke yo te distribiye bay konseye GSA yo pandan yo t ap fè rapò sa a. Kontni yo te founi resous pou swen sante mantal ki konpetan pou LGBTQ, lojman ansanm ak rezèv alimantè pou elèv yo.
- 66 Elèv ki soti nan 7 lekòl te patisipe nan Somè Anyèl GSA a. Se te premye fwa yo te òganize evènman an an pèsòn depi avan pandemi an.

Amelyore aksè nan Sèvis Sante Seksyèl yo

- 23 Ekip pou Aksesibilite ak Kapòt nan lekòl segondè te resevwa sipò teknik nan men Biwo pou Sante ak Byennèt la.
- (OHW) te jwenn yon don an nati ki se 40,000 kapòt nan men pwogram Don Kapòt NCSTDD a pou sipòte Pwogram Aksesibilite ak Kapòt BPS la.
- Sitwèb Boston Y2 Connect la te obsève 941 nouvo seyans kote twa sa yo te plis chèche yo se: Planing, Klinik Sante, Metòd Òmonal.

Elaji Pwomosyon Lasante

- OHW te fè pwomosyon pou piblikasyon yo kreye chak semèn yo pou ogmante sansibilizasyon ak konesans sou sijè ki gen rapò ak sante yo atravè kont Instagram @BPSTeenHealth la.
- 8 elèv ki reprezante 5 lekòl te patisipe antanke manm Konsèy Konsiltatif Jèn yo sou Otonimizasyon Adolèsan Atravè Lasante.

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, bay ki eskplike poukisa a:

Sibvansyon an ap ogmante a yon montan ki egal \$410,000. Moun yo te akòde sibvansyon yo te benefisye yon ane sibvansyon siplemantè.

Si se pa yon ‘sibvansyon kontinyasyon’, tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib la:

pa aplikab

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Debi retade aktivite seksyèl pami adolesan yo, jan sa temwane avèk yon rediksyon sib 15% nan adolesan ki te deja gen rapò seksyèl yo, yon rediksyon sib 10% nan sa yo ki aktyèlman aktif seksyèlman, epi yon rediksyon sib 10% nan sa yo ki te gen relasyon seksyèl avèk kat oubyen plis moun nan lavi yo:

Endikatè yo: # epi % nan 18 lekòl priyorite ki gen yon pwofesè/manm pèsònèl ki ap dispanse yon ansèyman sou sante seksyèl (Ankèt sou Pwofil yo; Dosye Ministè Sante ak Byennèt). Konpòtman elèv yo (Lekòl Entèmedyè ak Segondè YRBS-ane enpè).

Objektif #2: Sible yon ogmantasyon 20% nan % adolesan ki aktif seksyèlman ki ap itilize kapòt ak yon ogmantasyon 10% nan itilizasyon alafwa kapòt ak lòt itilizasyon planin.

Endikatè yo: # ak pousantaj % lekòl ki te etabli yon Ekip Disponibilite Kapòt (Jounal Evalyasyon Vizit sou Sit Sèvis Sante yo). # ak % lekòl kote enfimyè yo ap distribye kapòt nan kad ekip CAT la (Ankèt sou Pwofil). Efè sou elèv yo (Lekòl Entèmedyè ak Segondè YRBS-ane enpè).

Objektif #3: Diminye konpòtman a risk ki plase jèn yo nan yon risk pi wo efè ki nefas sou sante jan sa diminye pa yon diminisyon sib 10% nan toksikomani, yon diminisyon sib 10% nan vyolans, ak yon diminisyon sib 15% nan maladi mantal.

Endikatè yo: # ak % lekòl ki gen yon Espesyalis Prevansyon Entimidasyon ki fòmè. (Ankèt Sibvansyon SSE ak Dosye Depatman Succeed Boston). # ak % lekòl segondè ki te etabli divès Alyans Omoseksyèl elèv yo ap dirije (Ankèt Sibvansyon SSE ak Ankèt Pwofil yo). Efè sou elèv yo (Lekòl Entèmedyè ak Segondè YRBS-ane enpè).

Objektif #4: Sible yon diminisyon 10% nan to enfeksyon VIH; sible yon diminisyon 15% nan to STD yo; epi sible yon diminisyon 10% nan to gwosès yo.

Endikatè yo: # epi % nan 18 lekòl priyorite ki gen yon pwofesè/manm pèsònèl ki ap dispanse yon ansèyman sou sante seksyèl (Ankèt sou Pwofil yo; Dosye Ministè Sante ak Byennèt). # ak pousantaj % lekòl ki te etabli yon Ekip Disponibilite Kapòt (Jounal Evalyasyon Vizit sou Sit Sèvis Sante yo). # ak % lekòl kote enfimyè yo ap distribye kapòt nan kad ekip CAT la (Ankèt sou Pwofil).

Objektif #5: Ogmantasyon reyisit akademik, jan sa temwanyen pa yon ogmantasyon sib 10% nan to remiz diplòm ak yon diminisyon 5% nan to absanteyism kwonik yo.

Endikatè yo: To remiz diplòm ak to absanteyism.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye avèk Angajman ak Priyorite Estratejik ane 2020-2025 Distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

ELIMINE LAKIN NAN OPÒTINITE AK REYISIT - 1.8 Devlope kapasite pou abòde faktè sante ak sosyal ki kontribye nan lakin nan opòtinite yo, tankou - grangou, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sityasyon sanzabri, ansanm ak idantite LGBTQ+ la. Inisyativ yo sipòte atravè pwogram ETTH la se:

- Devlopman pwofesyonèl pwogram etid pou fòmasyon sou sante seksyèl pou pwofesè tout klas yo
- Asistans teknik ansanm ak fòmasyon pedagogik pou pwofesè k ap fè kou fòmasyon sou edikasyon seksyèl yo
- Aplikasyon Ekip Aksesibilite ak Kapòt la (CAT) nan tout lekòl segondè BPS yo
- Y2Connect Boston, yon gid resous sou sante seksyèl sou entènèt la pou jèn yo
- Asistans teknik ak fòmasyon pedagogik pou konseye Alyans ant Masisi ak Etewoseksyèl yo (DSA)
- Resevwa sipò pou Konsèy Byennèt lekòl ou a

AKTIVE PATENARYA - Elaje aprantisaj la odela de salklas la epi konekte kominote a ak salklas la. Sibvansyon sa pral:

- Itilize Patnè Kominotè yo pou li founi sèvis/aksè pou lekòl/elèv SHE, SHE ak SSE yo.

Dat lè Rapò sou Rezilta yo pral konplè e disponib: 15 Out 2024 oswa 30 Septanm 2024

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.
PA APLIKAB (Nan Tout Distri a)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – CPABPS20002

Non Sibvansyon: Henderson Schoolyard

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 13 Me 2020 – 31 Desanm 2023

Sous Finansman: CPABPS

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Scott Finn

Meri

Telefòn: 617-635-4860

Imèl: scott.finn@boston.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo):

Jesyonè Fon BPS: Brian Forde Jr

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Brian Forde Jr

Montan Anyèl Pri a 730 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis:

Sit yo: Kanpis Enferyè nan Dr. William W. Henderson Inclusion School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Renove lakou lekòl la ak enstale nouvo estrikti jwèt ak konpozan sekirite pou sèvi alafwa lekòl ansanm ak katye rezidansyèl ki ozalantou yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~100% konstriksyon lakou rekreyasyon

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Pa Aplikab

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – CPABPS22001

Non Sibvansyon: Lakou Rekreyasyon Warren Prescott School

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 13 Avril 2022 – 12 Avril 2024

Sous Finansman: CPABPS

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Scott Finn

Meri

Telefòn: 617-635-4860

Imèl: scott.finn@boston.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo):

Jesyonè Fon BPS: Brian Forde Jr

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Brian Forde Jr

Montan Anyèl Pri a \$1,000,0000

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis:

Sit yo: Lakou Rekreyasyon Warren-Prescott K-8

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Renove lakou lekòl la ak enstale nouvo estrikti jwèt ak konpozan sekirite pou sèvi alafwa lekòl ansanm ak katye rezidansyèl ki ozalantou yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~100% konstriksyon lakou rekreyasyon

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Pa Aplikab

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – CPABPS20001

Non Sibvansyon: Lakou Rekreyasyon Winship School

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 13 Me 2020 – 31 Desanm 2023

Sous Finansman: CPABPS

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Scott Finn

Meri

Telefòn: 617-635-4860

Imèl: scott.finn@boston.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo):

Jesyonè Fon BPS: Brian Forde Jr

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Brian Forde Jr

Montan Anyèl Pri a 539 000\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis:

Sit yo: Winship Elementary School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Renove lakou lekòl la ak enstale nouvo estrikti jwèt ak konpozan sekirite pou sèvi alafwa lekòl ansanm ak katye rezidansyèl ki ozalantou yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~100% konstriksyon lakou rekreyasyon

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Pa Aplikab